



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN PRI TEKNOLOJI EMPIRE A YO CHWAZI POU AVANSE SISTÈM CHOFAJ KI PA GEN ANPIL KABÒN

Miller Proctor Nickolas, Inc. pral resevwa yon prim 1 milyon dola pou avanse solisyon ponp tèmik pou pèmèt konsomatè yo ekonomize sou enèji ak depans yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a seleksyon yon gayan nan konkou Pri Teknoloji Empire a pou avanse teknoloji konstriksyon pou renovasyon sistèm chofaj ki pa pwodui anpil kabòn epi ekonomize enèji ak depans nan gwo bilding komèsyal ak bilding miltifamilyal nan Eta Nouyòk. Yo te chwazi Miller Proctor Nickolas, Inc. pou resevwa yon gran pri 1 milyon dola paske yo te demontre pwogrè siyifikatif nan devlopman ak itilizasyon ponp a chalè pou dlo cho tanperati ki wo kòm yon solisyon ki efikas nan domèn enèji epi ki ka aplike pou ekonomize enèji konsomatè yo kòm yon pati nan tranzisyon enèji Eta Nouyòk la.

"Eta Nouyòk ap envesti nan solisyon modèn ki efikas nan domèn enèji pou ede jere depans enèji epi diminye demann sou rezo elektrik la tout pandan l ap mete sante Nouyòkè yo nan premye plan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patisipan nan konpetisyon sa a gen vizyon ak devouman pou fè avanse nouvo teknoloji inovan ki pral ede bay ekipman modèn nan ansyen bilding nou yo epi amelyore kalite lavi rezidan yo atravè eta a."

[Konpetisyon Pri Teknoloji Empire a](#) resevwa sipò nan men pwogram Inovasyon ak Rechèch nan men Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta Nouyòk la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) epi se The Clean Fight ki administre li. Yo te nonmen gayan gran pri a nan yon seremoni nan vil Nouyòk ansanm ak ekip [Ambient Enterprises, Flow Environmental Systems, ak Gil-Bar Industries](#) yo te anonse kòm gayan dezyèm pri 100,000 dola a. Anplis de sa, [Johnson Controls](#) te resevwa yon mansyon onorab epi [tout finalis](#) yo te prezante solisyon pou avanse teknoloji nan bilding ki reprezante plizyè milya mèt kare bilding komèsyal ak miltifamilyal ki deja egziste nan tout Eta Nouyòk.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority) la, Doreen M. Harris, te deklare, "Felisitasyon pou Miller Proctor Nickolas ak ekip Ambient Enterprises, Flow Environmental Systems, ak Gil-Bar Industries pou travay yo te fè pou

fè renovasyon yon pakèt gwo bilding nan Eta Nouyòk vin pi fasil e pi efikas. Yon fwa teknoloji sa yo rive sou mache a, yo pral pèmèt Nouyòk yo ekonomize enèji gras ak solisyon chofaj ak refwadisman ki pi abòdab."

Miller Proctor Nickolas, Inc. Yo te chwazi (MPN) kòm gayan gran pri a pou aplikasyon Teknoloji ChillHeat Oilon an, yon solisyon ki jenere alafwa dlo cho nan tanperati ki wo ak vapè pou itilize nan bilding ki wo yo. Yo pral enstale solisyon yo a nan twa kote nan Manhattan, tankou yon bilding rezidansyèl nan Upper East Side sou Fifth Avenue, yon bilding multi-itilizasyon ak kondominyòm nan Upper West Side, epi yon klip sante ak kapasite fizik nan Midtown sou Park Avenue.

Yo te chwazi Ekip Ambient Enterprises, Flow Environmental Systems ak Gil-Bar Industries pou dezyèm plas la pou komèsyalizasyon yon ponp tèmik pou dlo cho nan tanperati ki wo ki sèvi avèk sous chalè lè oswa dlo ak refrijeran diyoksid kabòn natirèl. Yo pral enstale teknoloji sa a nan Manhattan nan Upper West Side, nan Union Theological Seminary, yon bilding istorik enpòtan, sa ki pral pèmèt premye deplwaman ponp tèmik pou dlo cho ki fonksyone ak diyoksid kabòn nan tanperati ki wo nan Nouyòk.

Pandan tout konpetisyon an, yo te bay plis pase 8 milyon dola pou sipòte devlopman pwodwi ak pwojè demonstrasyon nan plizyè kalite bilding nan Eta Nouyòk. Yo te dirije plis pase 4.1 milyon dola pou sèt pwojè demonstrasyon, avèk 35 pousan ki te ale nan de pwojè ki sitiye nan [kominote defavorize](#), jan Gwoup Travay sou Jistis Klimatik (Climate Justice Working Group) la defini sa.

Pwojè demonstrasyon yo gen ladan yo:

- AtmosZero – 500,000 dola pou yon ponp tèmik a vapè ki itilize chalè ki soti nan dlo oswa lè avèk yon gwo otèl nan sant vil Manhattan.
- Clean Heat Technologies – plis pase 400,000 dola pou yon ponp tèmik a vapè ki itilize chalè ki soti nan dlo nan yon bilding lojman abòdab nan Harlem.
- Hydronic Shell – plis pase 1 milyon dola pou yon solisyon distribisyon nan yon bilding otorite lojman abòdab nan Syracuse.
- MPN – plis pase 965,000 dola pou ponp a chalè pou dlo cho tanperati ki wo (High temperature hot water heat pump, HTHW HP) ki itilize chalè ki soti nan dlo nan twa bilding nan Manhattan.
- Ekip Ambient Enterprises, Flow Environmental Systems, ak Gil-Bar Industries la – 1.2 milyon dola pou yon ponp chalè dlo cho ki itilize chalè ki soti nan lè oswa dlo nan yon bilding nan Manhattan.

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta Nouyòk, Rory M. Christian, te deklare, "Felisitasyon pou moun ki te genyen prim yo k ap fè yon efò fenomenal pou renove bilding yo pou fè yo pi efikas nan domèn enèji. Teknoloji sa a pral jwe yon wòl enpòtan pou fè chofaj ak klima pi abòdab."

Kate Frucher, Direktè Jeneral, The Clean Fight, te deklare, "Nou kontan anpil wè pwogrè fenomenal finalis yo te fè a. Solisyon sa yo pa t egziste sou mache a yon ane de sa, e non sèlman te fèt gwo pwogrè teknolojik, men sèt pwojè demonstrasyon aktif ap dewoule atravè Eta Nouyòk. Finalis yo depase atant nou yo epi pwogrè yo demontre gwo angajman yo pou devlope inovasyon enpòtan sa yo. Li se yon temwayaj tou sou demann mache a pou solisyon ki pi fasil pou aplike ki ka modènize fason nou chofe gwo bilding Nouyòk yo epi reyalize yon avni ki pi dirab ak rezistan pou tout moun."

Jeff Schub, Chèf Dirablite Wells Fargo a, te deklare, "Parennaj Wells Fargo pou Pri Teknoloji Empire a aliyen ak efò kontinyèl nou yo pou sipòte kliyan nou yo, konsomatè nou yo ak kominote yo pandan y ap travay pou atenn pwòp objektif dirabilite ak rezistans pa yo. Nou felisite moun ki te anonse prim yo jodi a epi nou selebre pouvwa inovasyon ak kolaborasyon nan fè bilding yo ak kominote nou yo pi bon kote pou moun viv ak travay."

Direktè Jeneral Rocky Mountain Institute, Sukanya Chandrasekar Paciorek, te deklare, "Pri Teknoloji Empire a te deklanche solisyon reyèl ki bay pwopriyete yo fason pratik pou diminye kabòn tout pandan y ap kenbe bilding yo ap fonksyone byen. Kounye a, finalis yo ap teste nouvo apwòch tankou sistèm chofaj ki elektrifiye san gwo konstriksyon, ak pano miray modèn ki ka ajoute san gwo deranjman pou lokatè yo. Pwogrè yo montre gwo demann ak momantòm k ap grandi pou bilding ki pi pwòp e ki pi rezistan."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Prim 1 milyon dola ki ranmase atravè Pri Teknoloji Empire a reprezante plis pase yon senp pri, se yon investisman nan avni enèji pwòp nou an. Avèk resous sa yo, inovatè yo ka fè pwogrè nan sistèm chofaj ki pa pwodui anpil kabòn, sa ki diminye emisyon yo, diminye depans enèji pou fanmi yo, epi kreye solisyon dirab pou pi wo bilding komèsyal ak bilding miltifamilyal nou yo. Antanke Prezidan Komite Enèji ak Telekomikasyon Sena a, mwen te travay pou asire ke fon sa yo ale nan direksyon inovatè yo ak pwojè ki ka gen pi gwo enpak pou Nouyòkè yo, pou ede nou bati yon eta ki pi abòdab, ki pi rezistan, e ki pi responsab sou plan klimatik."

Nan mwa Jiyè 2024, Gouvènè Hochul [te anonse](#) finalis yo pou Pri Teknoloji Empire a, ki te resevwa yon prim inisyal 250,000 dola ak potansyèl pou jiska 750,000 dola anplis pandan yo t ap atenn etap enpòtan nan pwogrese solisyon pa yo. Yo te mete disponib jiska 2 milyon dola pou ede finalis yo konpanse depans pou enstale solisyon tankou pwogram pilòt oswa pwojè demonstrasyon nan bilding ki wo ki elijib nan mache Nouyòk la. Yo te chwazi The Clean Fight, yon òganizasyon san bi likratif ki konsantre sou akselere adopsyon solisyon pou tranzisyon enèji nan Eta Nouyòk, kòm administratè pwogram nan an septanm 2022 epi li te lanse pwogram nan an 2023.

Rocky Mountain Institute (RMI), yon òganizasyon san bi likratif endepandan ki dedye a transfòmasyon sistèm enèji mondyal atravè solisyon ki baze sou mache, bay sipò teknik pou konpetisyon an.

Wells Fargo se yon lòt sipòtè Pri Teknoloji Empire a, paske konpetisyon sa a aliyen ak travay kontinyèl konpayi an nan pwomosyon teknoloji inovan ki ka ede kondwi kwasans ekonomik, pwopriyetè kay dirab ak estabilite katye nan kominote yo.

Konpetisyon Pri Teknoloji Empire a kontinye lidèchip NYSERDA nan avansman netralite kabòn nan bilding ki egziste deja yo epi li pral apiye sou leson yo aprann nan pwojè ki sipòte atravè 50 milyon dola [Empire Building Challenge](#) Eta a, yon patenarya ant NYSERDA ak pwopriyetè prensipal byen imobilye komèsyal yo pou pwomouvwa nouvo apwòch konsepsyon pou renovasyon emisyon kabòn ki fèb nan gwo bilding Nouyòk yo.

Pandan plis pase senkant ane, NYSERDA te yon resous fyab ak objektif pou Nouyòkè yo, li te jwe yon wòl enpòtan nan planifikasyon enèji ak analiz politik, ansanm ak fè investisman ki mennen Nouyòk nan direksyon yon avni ki pi dirab. Pwogram Inovasyon ak Rechèch (I&R) NYSERDA a ap deplwaye apeprè 1.2 milya dola sou 15 ane kòm investisman rechèch dirèk ak sipò komèsyalizasyon. Jouk jounen jodi a, plis pase \$800 milyon dola nan investisman te sipòte plis pase 700 konpayi epi fè prèske 300 pwodwi komèsyalman disponib pou moun, biznis, ak sèvis piblik. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, yo te investi plis pase 5.6 milya dola pou dekarbonize bilding yo epi sipòte teknoloji chofaj ak refwadisman totalman elektrik epi ki gen gwo efikasite. Anons jodi a fè avanse angajman Gouvènè Hochul pou dekarbonize bilding yo, ki se youn nan sous emisyon kabòn ki pi enpòtan nan Eta Nouyòk.

Finansman pou inisyativ sa a soti nan [Fon Enèji Pwòp \(Clean Energy Fund, CEF\)](#) ak Wells Fargo kòm yon ko-patwone pwogram nan avèk sipò aplikasyon nan men The Clean Fight ak sipò teknik nan men RMI.

Ajanda Klimatik Eta Nouyòk

Ajanda klimatik Eta Nouyòk la egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)